# Пуқаралардың ҳалынан хабар алынды

Нөкис қаласы «Боз аўыл» мәкан пуқаралар жыйыны аймағына 2020-жыл 8-февраль күни Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кенеси баслыгы орынбасары Е.Дурдиев, Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министири С.Турманов, Жаслар аўқамы Қарақалпақстан Республикалық Кеңеси баслығы П.Махсетбаев ҳәм бир қатар тараў қәнигелери келип, аймағымызда дүзилген «Ҳаяллар дәптери» ҳәм «Жаслар дәптери» бойынша исленип атырған жумыслар, ҳаял-қызлар, әсирисе, жаслардың бәнтлигин тәмийинлеў, оларды исбилерменлик пенен шуғылланыўы ушын жаратылып берилген имкәниятлардың орынланыў барысы менен жақыннан танысып, олардың тез арада бәнтлигин тәмийинлеў бойынша өзлериниң пикир ҳәм усынысларын билдирди.




Сондай-ақ, ҳәр бир исбилерменлик пенен шуғылланыўды қәлеўши, бос жумыс орынларын жаратпақшы болған пуқаралардың мәнзилли режелерин қәлиплестирген ҳалда, оларды қоллап-қуўатлаў кереклиги түсиндирилди.

Аймағымызда исбилерменлик пенен шуғылланыўды қәлеўши, тигиўшилик цехын шөлкемлестирмекши болған, «Ҳаяллар дәптери»не киритилген, 123-жайда жасаўшы, бағыўшысын жоғалтқан, 1980-жылы туўылған Ражапова Тазагул Қутлымуратовнаның шаңарағына барып, оған қанадай жәрдем креклиги бойынша сәўбетлесиў өткерилип, буның ушын оған ең дәслеп жер орны кереклиги анықланды ҳәм бул бойынша тийисли тараў қәнигелерине жол-жобалар көрсетилди.

Image not found or type unknown

Буннан кейин, аймағымызда Нурлы заман көшеси 37-жайда жасаўшы, «Жаслар дәптери»не киритилген, 2002-жылы туўылған Сейтқасымов Азамат Сапарбаевичтиң шанарағына барып, оның бәнтлигин тәмийинлеў бойынша усыныслар берилди.